

Ukwinjira muri NSW EduChat ku munyeshure

Ibimenyeshwe abavyeyi n'abarezi

NSW EduChat ni ubuhinga bw' igikoresho c'ubwenge bwakozwe cegukira kandi cahinyanyuwe n'Igisata c'Indero ca NSW (NSW Department of Education). Kirimwo vyiza, kirigisha, kirakingiwe kandi ni ico ibanga.

Ukwinjira muri NSW EduChat kw'umunyeshure.

Abiga muwa 5 gushika mu wa 12 bazokwemererwa kwinjira muri NSW EduChat mu gice ca 4, 2025.

Ugutekanirwa kw'abiga bakoresheje NSW EduChat

Ibintu canke inkuru ziri muri NSW EduChat zirakingiwe. Vyose biguma mu gisata. Ibi bisigura ko abanyeshure bashobora kubika ibikorwa vyabo n'umwidondoro muri NSW EduChat.

Uburyo bw' kwigisha NSW EduChat yakoranywe

NSW EduChat ntitanga inyishu z'ibibazo gusa. Yishura abiga mu kubaza ibibazo vyuguruye. Ibi bikaburira abiga gusuzuma no gutanga ivyiyumviro n'ubwenge vyabo. NSW EduChat ikoresha ibisomwa gusa. Ibi bisobanura ko idashobora gutanga ibicapu, utureresi canke umuziki.

Gukoresha NSW EduChat mu myimenyerezo no mu bibazo

Amashure yemeje ko NSW EduChat yokoreshwa mu myimenyerezo canke mu bibazo, abanyeshure bomenyeshya abigisha babo ko bakoresheje NSW EduChat mu gukora ivyo batumwe. Harimwo gukoresha NSW EduChat mu birimwo, ariko bitagarukira ku ncamake z'ivyigwa, insobanuro z'amajambo canke kwandika ibisomwa. Amashure yomenyeshya uburyo abanyeshure bomenyeshya abigisha babo.

Ukwinjira muri NSW EduChat i muhira

Abiga barashobora kwinjira muri NSW EduChat i muhira áciye kuri:

- akadirisha kagenewe uwiga kuri <https://portal.education.nsw.gov.au/>
- ikibiriraho uciye kuri <chat.education.nsw.gov.au>

Abanyeshure bazokenera kwinjira bakoresheje urwinjizo rwa NSW Department of Education. Umunyeshure yinjije wenyene ni we wenyene azokoresha NSW EduChat.

Ukeneye kuganira ico ari co cose cerekeye kino gikoresho, igore uvugane n'umuyobozi.



Ukeneye ayandi makurú n'uko woshika muri NSW EduChat parental privacy notice (ibimenyeshwa abavyeyi na NSW EduChat), ja kuri [Student use of NSW EduChat](#)

Ubufasha bw'Insobanuro ku Mvugirakure (TIS): 131 450

Ni waba ukeneye ubufashá mu nsobanuro, akura TIS uvuge ururími ukenéye n'inomero ugomba guhámagara. Umuhinga azokuronderera umusóbānuzi ku murōngo agufashe mu kiyago cawe. Ntuzorihishwa kubwó ukwo gufáshwa.